

Kijan yo te chwazi mwen pou Depopilasyon?

Citizens ede asire yo jwenn kouvèti asirans nan mache prive a tout fwa sa posib. Konpayi asirans mache prive ki otorize yo ka mande pou fè retrè (*depopile*) nenpòt polis Citizens ki aktif. Retrè yo ka fèt nenpòt moman pandan peryòd yon kontra asirans. Men kòman pwogram Depopilasyon pou kontra asirans Liy Pèsonèl yo fonksyone:



Konpayi yo ki sou mache prive a mande apwobasyon Biwo Kontwòl Asirans (Office of Insurance Regulation, OIR) pou retire kontra asirans yo nan men Citizens.

OIR egzamine finans konpayi depopilasyon yo, kontra asirans aktyèl yo ak kontra asirans yo mande pou souskri yo.

Si OIR apwouve demann lan, li fikse yon kantite maksimòm kontra asirans Citizens yon konpayi endividyèl ka retire.

Konpayi depopilasyon an chwazi kontra asirans li vle retire yo nan Citizens. Plizyè konpayi kapab seleksyone menm asirans yo, epi moun asire yo ka chwazi òf yo prefere a.

Citizens ki voye pa lapòs ba moun asire yo yon *Pakèt Depopilasyon*, ki gen ladann tout òf disponib yo, estimasyon prim pou renouvèlman, yo ak fèy travay sou kouvèti asirans yo.

Asire ke yo revize enfòmasyon ki bay nan *Pakèt Depopilasyon* yo a. Polis asirans ki resvwa yon kouvèti ki pa 20% pi wo pase prim Citizens nan pa kalifye pou rete ak Citizens.

Moun asire yo soumèt chwa yo sou entènèt nan www.citizensfla.com/online-choice oswa ak sipò ajan yo. Chwa a dwe anrejistre bò kote Citizens pou pi ta nan dat limit ki endike nan *Pakèt Depopilasyon* an.

Akseptasyon fèt pou kontra asirans ki kalifye kote gen yon òf youn nan konpayi depopilasyon yo te seleksyone ak pou sila yo ki pa gen okenn chwa ki anrejistre nan yo. Si ankenn chwa pa anrejistre, Citizens asiye kontra a bay konpayi depopilasyon ki te ofri prim ki pi piti a.

Citizens voye lèt konfimasyon pou kontra asirans yo ki aksepte avèk siksè. Yo voye lèt tou bay moun asire ki te chwazi rete avèk Citizens ak sa yo pa t' aksepte yo.